

**DÉCLARATION  
DE POLITIQUE GÉNÉRALE**

**DEKLARASYON POLITIK JENERAL**

Jean Bertrand Aristide  
Président de la République

René Préval  
Premier Ministre

Port-au-Prince, Haïti  
15 Février 1991

**Monsieur le Président du Sénat,  
Monsieur le Président de la Chambre des Députés,  
Medam, Mesye, Senatè ak Depite yo,**

Gouvènman m pwal travay ak li a, m gen pou m chwazi l, jan Konstitisyon an mande sa, nan chita pale ak Prezidan peyi a Pè Jean Bertrand Aristide. Minis sa yo ki pral travay sou responsablite m ansanm ansanm avèk mwen, gen gwo chay pou yo wè sa ki bon pou peyi a e ki pi bon jan pou yo fè l. Politik Gouvènman an pral chita jan Prezidan peyi a toujou ap repete l, sou 3 wòch dife :

- Jistis egal ego pou tout moun;
- Patisipasyon tout moun, tout tan, nan tout bagay. Ki vle di men anpil chay pa lou;
- Transparans. Egal politik vitrin, ki vle di kat je kontre manti kaba.

Se sou 3 wòch dife sa yo chodyè demokrasi a pral moute pou nou koupe fache nèt ak sistèm darati pèp la voye jete 16 desanm nan.

Jodi a pèp la rache pouvwa a nan men ti gwoup gwo zouzoun egoyis ak tout asosye yo lòt bò dlo ki t ap toupizi pèp la.

Jodi a, chay rebati peyi a tonbe sou zepòl nou tout. Se nan goumen, nan goumen tout tan, nan goumen ak kouraj, pèp la deside pou l di, fwa sa a, se li k ap fè listwa l. Tout moun ki t ap kenbe pèp la nan fennwè, ki t ap kenbe l nan grangou, ki t ap kenbe l nan kay tach, jodi a yo sezi. Se fòt yo, se fòt moun sa yo si jounen jodi a peyi a sou lagraba, si gen ying yang menm jan nan tan lontan, lè etranje piyajè te vini pile tè Desalin nan.

Men je pèp la kale. Lavalas ki desann 16 desanm nan pote anpil espwa. Sa moutre klè kou dlo kòk, pèp la deside pou l bati yon peyi ki bèl. Ki bèl pou li ak pou tout moun e ki va bèl pou pitit li demen.

Jodi a, pèp la refize rete nan Bondye bon. Apati de jodi a fòk peyi a sòti nan politik kole pyese lòt gouvènman yo te mete l la. Se konsa nou dwe mete kanpe bon jan enstitisyon k ap travay tout bon vre pou n fini ak politik sa l fè l fè, demen n a wè a ! !

Ayiti ap patinen an plas, pou n pa di li anbreye sou bak. Anpil moun ap bat dlo pou fè bè, pifò p ap travay. Pri manje, pri zouti, pri lekòl, pri medikaman ap moute bwa. Sa kòb ki nan men w te ka achte yè, li pa ka achte l jodia !!

Pandan dènye 8 lane sa yo pri sèten machandiz ogmante 3 fwa lavalè, alòske ti kòb moun yo ap touche a prèske ret menm jan. Kidonk, se anpil ak anpil chomè, anpil ak anpil peyizan, anpil ak anpil pwofesè lekòl, anpil ak anpil travayè leta k ap mache yon men devan, yon men dèyè.

Nan lane 1950, Ayiti te yonn nan sèl peyi nan Karayib la ki te ka bay tèt li manje. Jodi a, valè pyebwa ki koupe fè anpil tè desann nan lanmè, valè plenn ki prèt pou tounen dezè, kannal pou wouze ki fin kraze, sistèm demwatye, dappiyanp ki fèt sou tè ti peyizan fè peyi a près pa ka bay pitit li manje ankò. Kafè ak sik ki te konn pote dola ak lòt lajan etranje nan peyi a, près pa bay anyen ankò. De twa ti faktori k ap fè rad osnon lòt bagay pou voye lòt bò dlo, bagay ki pa gen anyen pou wè ak sa peyi a bezwen osnon ki vann tèt nèg, tankou farin Minotri a, louvè vant peyi a bay machandiz etranje ki rantre ladwann, men pou pifò, nan kontrebann.

Jodi a ekonomi peyi a mare ak moute desann dola a. E se lòt bò dlo k ap deside pou nou !! Depi bò ane 1980, ekonomi peyi a ap mache sou bekiy, peyi a gen yon kwi nan men l, pou l mande sekou lòt bò dlo. Si se pat lajan frè nou yo ki nan 10e depatman an ak ti kòb kèk etranje vin investi se anmwe pi rès peyi a ta vap rele ! Enterè nou dwe sou kòb yo prete nou, kòb nou bezwen pou nou achte gazolin ak dizèl, defisi nou fè nan sa nou oblije achte ak sa nou kapab vann lòt bò dlo, fè pri dola a moute bwa chak jou pi plis.

Kriz ekonomik la, fè sa k te deja pòv vin pi pòv. Diktati ki te blayi sou peyi pandan plis pase 34 lane ki sòt pase yo te chita sou yon sistèm tout-pou-yon-ti-ponyen-moun, pèmèt yon ti kategori Ayisyen vin rich, pandan peyi a ap kraze. Tout moun konnen sityasyon plantè diri nan Latibonit yo, tout moun konnen sityasyon sèten izin ki t ap sèvi ak sa tè d Ayiti pwodwi tankou izin pat tomat, izin ji kowosòl, ji mango elatriye.

Se sityasyon sa a ki fè abitan tounen mandyan lavil, gonfle Pòtoprens, kote yo sètoblije viv nan kondisyon malouk anpil, ki pèmèt lè gen grèv ak dechoukay, moun yo kraze brize. Mizè a sòti andeyò, janbe lavil, men li rele mizè kanmèm.

Sistèm makout la, sè pa kò Ayisyen sèlman l kraze, men li kraze lespri yo tou. Timoun pa al lekòl, fanm blije vann kò yo. Nèg ki volè leta, yo rele yo nèg lespri, sa k pa volè leta, pase pou nèg sòt.

Konsa konsa, tout kòb ki ta dwe sèvi pou devlope peyi a, al nan pòch kèk gran nèg san nou pa bliye lòt ti nèg ki t ap sèvi gran nèg sa yo tou. Jodi a, 2 men nou vid ! Peyi nou an sou premye paj katalòg peyi ki pi pòv yo.

Men tou, malgre tout gwo pwoblèm sa yo, nou deside ranmase karaktè nou, mete kouray nou ak bon volonte nou deyò pou nou lite pou n sòti Ayiti nan move pas l ap travèse a. Nan sans sa a, politik ekonomik gouvèlman an ap chita sou :

**Yonn :** Batay kont lavi chè

**De :** Pran bon jan dispozisyon pou n sispann kwoke djakout nou pi wo pase men nou, nan depanse sa nou pa posede. Fòk moun ki dwe peye taks fè devwa sitwayen yo kòm sadwa. Fòk gouvènman an pran bon jan mezi dekwa pou moun ki gen dwèt long sispann fè wout kwochi ak lajan leta. Konsa, leta ki abitye pèdi plis pase yon milya goud chak lane ap ka jwenn lajan sa a pou fè l travay nan benefis peyi a.

**Twa :** Gouvènman an pral degaje l kou Mèt Jan Jak pou l louvri travay, fè wout, pò kabotaj dekwa pou sektè prive a kapab jwenn bon kondisyon pou l fè kòb li travay, dekwa pou anpil Ayisyen ka jwenn travay.

**Kat :** An menm tan l ap respekte dwa travayè yo, Gouvènman an gen pou l pran bon jan mezi pou moun ki vle fè kòb yo travay nan peyi a, Ayisyen kou etranje, wè kote kob yo gad san kè yo pa sote.

**Senk :** Jan Konstitisyon peyi a di a, zafè Repiblik Pòtoprens nan, fòk sa fini. Konsa, fòk gouvènman an fè tout jefò posib pou l ede izin yo al chita nan pwovens. Konsa, fòk moun ki vle al mete faktori ak tout kalte izin nan pwovens jwenn bon jan avantaj pou yo fè sa.

**Sis :** Fòk gouvènman an bay abitan yo èd pou tè yo bay pi plis manje, pou nou sispann voye chache manje lòt bò dlo. Konsa vant Ayisyen p ap nan men zòt ankò. Konsa lajan peyi a ap rete nan peyi a, pou devlope peyi a nan mete izin k ap travay ak sa ki fèt nan peyi a.

**Sèt :** Fòk nou pwodwi pi plis pou nou vann peyi lòt bò pi plis, dekwa pou pi plis lajan rantre nan peyi a.

**Uit :** Fòk Gouvènman an pase men nan antrepriz leta yo pou sa leta genyen sèvi peyi a tout bon e pou l sèvi l byen.

Pou peyi a rive jwenn lajan pou tout sa ki sot di la yo fèt, leta ansanm ansanm ak sektè prive a, konte anpil sou lajan Ayisyen an Ayiti ak sou lajan Ayisyen lòt bò dlo.

San gouvènman an pa pase dwa grandèt majè peyi a anba pye, li espere peyi lòt bò dlo ki di yo se zanmi l ap ka ede l tou. Tout èd sa yo dwe sèvi pou fè peyi a pwodwi pi plis.

gouvènman an ap gen pou li mete devan Lachanm bon jan lwa pou moun ki vle met kòb yo nan peyi a pa gen okenn kè sote.

Se konsa, nou deja mande tout Ayisyen ki gen kòb pou sa, mete tèt yo ansanm pou yo louvri labank ki ap prete moun ki bezwen, fè biznis. Gouvènman an di yo, yo mèt konte sou li.

Mesdames, Messieurs les Parlementaires,

Le processus de transition démocratique en cours dans notre pays, aussi bien que les efforts qui seront entrepris par le gouvernement pour relancer l'économie, ne peuvent se concevoir dans un esprit d'isolement et de repli sur soi. L'histoire des dernières élections a montré le bien fondé d'une coopération internationale saine, réalisée dans le respect des droits des peuples à disposer d'eux-mêmes. Les résultats sont patents. La notion d'interdépendance des nations vient d'acquérir à nos yeux une autre dimension qui nous oblige à prêter une attention particulière aux événements internationaux susceptibles soit de modifier les fragiles équilibres régionaux, soit de bouleverser l'ordre politique et économique mondial. Nous constatons avec regret que la crise du golfe perdure et qu'aucune solution politique n'a pu être trouvée pour résoudre le conflit entre l'Irak et la coalition des pays occidentaux. La situation, qui se développe dans cette région du monde, affecte considérablement la vie des peuples directement concernés, constitue une menace pour la paix mondiale, et dans le court terme, risque d'avoir un effet négatif sur les programmes de développement des pays du Tiers-Monde. En effet, les sommes considérables englouties dans cette guerre, on parle d'un milliard de dollars par jour, sont autant d'argent rendu indisponible par la folie ou par la stupidité de hommes et qui aurait pu servir, au moins en partie, au financement des programmes de santé, d'éducation et à la lutte contre la faim dans les Pays les Moins Avancés.

Le gouvernement accordera son appui à toute démarche tendant à trouver une issue pacifique au conflit du golfe et une solution équitable aux problèmes d'ensemble du Moyen Orient en tenant compte des droits et des intérêts des parties en présence. Dans le même ordre d'idées notre présence active dans les forums internationaux nous conduira à entreprendre toute démarche et toute initiative visant à consolider la paix entre les nations, à défendre les droits des peuples à l'autodétermination, et à promouvoir les droits de l'homme en général. Dans une telle perspective, notre gouvernement suivra avec attention l'évolution de la situation en Afrique du Sud et prend acte des déclarations de M. De Klerk concernant la fin prochaine de la politique d'apartheid.

gouvènman an ap gen pou li mete devan Lachanm bon jan lwa pou moun ki vle met kòb yo nan peyi a pa gen okenn kè sote.

Se konsa, nou deja mande tout Ayisyen ki gen kòb pou sa, mete tèt yo ansanm pou yo louvri labank ki ap prete moun ki bezwen, fè biznis. Gouvènman an di yo, yo mèt konte sou li.

Mesdames, Messieurs les Parlementaires,

Le processus de transition démocratique en cours dans notre pays, aussi bien que les efforts qui seront entrepris par le gouvernement pour relancer l'économie, ne peuvent se concevoir dans un esprit d'isolement et de repli sur soi. L'histoire des dernières élections a montré le bien fondé d'une coopération internationale saine, réalisée dans le respect des droits des peuples à disposer d'eux-mêmes. Les résultats sont patents. La notion d'interdépendance des nations vient d'acquérir à nos yeux une autre dimension qui nous oblige à prêter une attention particulière aux événements internationaux susceptibles soit de modifier les fragiles équilibres régionaux, soit de bouleverser l'ordre politique et économique mondial. Nous constatons avec regret que la crise du golfe perdure et qu'aucune solution politique n'a pu être trouvée pour résoudre le conflit entre l'Irak et la coalition des pays occidentaux. La situation, qui se développe dans cette région du monde, affecte considérablement la vie des peuples directement concernés, constitue une menace pour la paix mondiale, et dans le court terme, risque d'avoir un effet négatif sur les programmes de développement des pays du Tiers-Monde. En effet, les sommes considérables englouties dans cette guerre, on parle d'un milliard de dollars par jour, sont autant d'argent rendu indisponible par la folie ou par la stupidité de hommes et qui aurait pu servir, au moins en partie, au financement des programmes de santé, d'éducation et à la lutte contre la faim dans les Pays les Moins Avancés.

Le gouvernement accordera son appui à toute démarche tendant à trouver une issue pacifique au conflit du golfe et une solution équitable aux problèmes d'ensemble du Moyen Orient en tenant compte des droits et des intérêts des parties en présence. Dans le même ordre d'idées notre présence active dans les forums internationaux nous conduira à entreprendre toute démarche et toute initiative visant à consolider la paix entre les nations, à défendre les droits des peuples à l'autodétermination, et à promouvoir les droits de l'homme en général. Dans une telle perspective, notre gouvernement suivra avec attention l'évolution de la situation en Afrique du Sud et prend acte des déclarations de M. De Klerk concernant la fin prochaine de la politique d'apartheid.

Le gouvernement respectera les conventions et accords internationaux auxquels Haïti a souscrit, toutes les fois qu'ils ne constituent pas une atteinte ou une limitation aux droits souverains de la nation haïtienne, et une violation flagrante du droit international.

Les relations traditionnelles d'amitié, de commerce et de coopération avec les Etats-Unis, la France, le Canada, l'Allemagne, le Japon, la Chine et, en particulier, la Communauté Européenne dans le cadre des accords de Lomé, seront maintenues et renforcées.

Par ailleurs, des efforts importants seront déployés par notre diplomatie en vue d'explorer de nouveaux espaces de coopération jusque là négligés. Nous pensons à la coopération Sud - Sud en général et de façon spécifique à la coopération régionale dans l'aire de la Caraïbe, à la coopération avec de nouveaux partenaires latino-américains. La présence du président Carlos Andres Perez, du premier ministre Manley, du ministre des relations extérieures du Mexique, du premier ministre de Belize, des délégations importantes venues de la Colombie, de Cuba, de la Martinique, etc. à l'invitation du nouveau président, à anticipé le souci du gouvernement d'élargir le cercle de nos amitiés et les perspectives de coopération d'Haïti avec les autres nations.

Notre diplomatie, vigilante sur le plan des principes, soucieuse de défendre les droits de l'homme haïtien particulièrement la situation qui est faite à nos compatriotes dans les bateys dominicains. Le développement de bonnes relations entre les deux pays, tel que souhaité ardemment par le nouveau gouvernement haïtien, commande le respect par nos voisins des conventions internationales protégeant le droits des travailleurs immigrés. Il est souhaitable qu'à la veille du 500ème anniversaire du début de l'aventure coloniale européenne, les Dominicains et les Haïtiens, partageant la même île, et pratiquement, une même histoire, aient une réflexion commune pour dégager une vision commune de leur destin.

Nous n'oublions pas nos compatriotes des Bahamas, des Etats-Unis et de Guyane. Le gouvernement sait le sort malheureux qui leur est fait dans les prisons où croupissent leurs espérances. Dans un premier temps, le gouvernement engagera des conversations avec les autorités bahaméennes, américaines et françaises pour qu'elles améliorent les conditions de détention de nos compatriotes. A terme, nous espérons que les efforts de développement économique du nouveau gouvernement portent rapidement leurs fruits afin que nos frères et nos sœurs ne soient plus obligés d'aller ailleurs chercher la vie.

Medam, Mesye, ki manm Lachanm yo,

Se pa nan rale kò n sou kote, nan foure tèt nou nan twou, nou pral kapab mennen batay pou blayi demokrasi nan peyi a, ni batay pou nou remete ekonomi an sou 2 pye militè l. Sa k pase nan eleksyon yo montre nou sa nou ka reyalize avèk yon kooperasyon entènasyonal ki klè, ki pa nan magouy, ki respekte dwa granmoun tout pèp. Rezilta yo la devan nou. Konkòday ki mare nasyon yo youn ak lòt soti ranmanse yon bèl ochan ki oblije nou louvri je sou sa k ap pase nan lemonn ki kapab souke sa k pa chita solid oubyen ki kapab boulvèse nèt sitiyasyon ekonomik ak sitiyasyon politik lemonn. Kè n sere lè n ap konstate pa rive gen solisyon politik pou fini ak kriz nan gòlf la e pou rezoud zizani ant peyi Lirak ak peyi ki met tèt ansanm kont li yo. Sitiyasyon sa a se yon gwo kou pou pèp k ap viv nan rejyon an, men tou se yon menas pou lapè mondyal ki kapab frennen pwogram devlopman ti peyi yo. Pase si w gade byen, dividal lajan k ap fè fon nan lagè sa a, ta kapab sèvi pou finanse pwogram sante, edikasyon, lit kont grangou nan ti peyi yo.

Gouvènman an ap apiye tout demach k ap pèmèt jwenn yon fason pasifik pou fini ak konfli nan gòlf la, epitou yon solisyon san paspouki nan chay pwoblèm ki poze nan Mwayen Oryan an san yo pa voye jete dwa ak enterè okenn nan pati yo. Nan menm sans la, n ap prezan nètalkole nan tout chita tandè entènasyonal e sa ap pèmèt nou antreprann tout kalite demach ak tout kalite inisyativ ki vize pou konsolide lapè nan mitan tout peyi sou latè, pou defann dwa tout pèp pou yo granmoun tèt yo, epitou batay pou fè respekte dwa moun nan tout peyi an jeneral. Nan optik sa a, gouvènman nou an ap swiv avèk anpil atansyon jan sitiyasyon an ap evolye nan peyi Afrik di Sid, e li pran bòn nòt sou deklarasyon Mesye Deklèk nan sa ki konsène politik apated li pwomèt k ap fini trè byento.

Gouvènman an deside respekte tout konvansyon ak akò entènasyonal Ayiti siyen dan lamezi yo pa ni nwi ni frennen dwa grandèt majè peyi a, dan lamezi tou yo pa konstitye yon vyolasyon dwa entènasyonal la.

Relasyon amitye, komès ak kowoperasyon Ayiti genyen avèk Lèzetazini, Lafrans, Kanada, Lalmay, Japon, Lachin, e patikilyèman avèk Kominote Ewopeyèn lan nan kad Akò Lome yo, n ap kenbe yo e n ap ranfòse yo.

An plis de sa, sou plan diplomatik, Gouvènman an pral fè anpil efò pou chache jwenn kowoperasyon lòt kote gouvènman anvan yo te abitye neglije. Nan sans sa a, nou vle pale de kowoperasyon ak lòt ti peyi parèy nou, patikilyèman ak ti peyi nan zòn Karayib la, san bliye lòt peyi nan Amerik Latin lan. Dayè, prezans Prezidan Carlos Andres Perez ki soti Venezyela, Premye Minis Manley ki soti Jamayik, Minis Relasyon Eksteryè Meksik, Premye Minis Beliz la, san konte delegasyon enpòtan ki soti nan peyi Kolonbi, nan peyi Kiba,

Matinik... elatriye, Prezidan an te envite patisipe nan seremoni envestiti li a, se deja yon prèv gouvènman sa a deside laji relasyon zanmitay ak kolaborasyon ak lòt peyi.

Nan relasyon nou ak lòt peyi, n ap veyatif pou tout prensip respekte, pou dwa Ayisyen respekte kèlkeswa kote l ye sou latè. E nan sans sa a, n ap akòde yon atansyon patikilye sou sityasyon konpatriyòt nou k ap viv nan batey Repiblik Dominikèn. Pou gen bon jan relasyon ant 2 peyi sa yo, jan nouvo gouvènman nou an vle li, fòk vwazen nou yo ka respekte konvansyon entènasyonal sou dwa travayè imigre. Nou ta swete alavèy 500 lane depi kolon ewopeyen yo lanse tèt yo nan yon avanti ki mennen yo vin kolonize peyi bò isit yo, Dominiken ak Ayisyen k ap vivi sou menm bout tè a e ki pratikman gen yon menm istwa, ta ka chita reflechi ansanm pou yo ka wè kote yo prale.

Nou p ap bliye tout konpatriyòt nou yo ki Baamas, Etazini ak La Giyan. Gouvènman an pa bliye mizè y ap manje nan prizon kote tout lespwa yo kokobe. Nan yon premye tan, gouvènman an pral fè yon chita pale ak otorite peyi Baamas, peyi Etazini ak Lafrans pou yo amelyore move kondisyon konpatriyòt nou yo ap viv nan prizon. Nan tan k ap vini yo, nou espere jefò gouvènman an pral fè pou gen devlopman ekonomik nan peyi a va gen rezilta rapid, e sa va pèmèt frè ak sè n yo rete bò isit pou yo pa blije al chache lavi lòt bò dlo.

Medanm, Mesye Senatè ak Depite yo,

Si gouvènman an di l ap defann kòz lapè ak respè dwa moun toupatou sou latè, fòk anvan, li mete lòd, lajistis ak lapè andedan lakay pa l. Nou pa dwe bliye apre tout lane diktati sa yo, peyi a tankou yon malad ki fèk ap leve sou kabann lopital. Se bon vitamin ki rele dwa moun, dwa pou moun pale, dwa pou moun travay, dwa pou moun manje, dwa pou moun reyini jan yo vle, k ap mete peyi a gaya tout bon.

Pou sa fèt, gouvènman an ap mache ak limyè Konstitisyon an nan men l, pou l klere chimen demokrasi a.

Premye bagay, se pou l mete kanpe sou 2 pye yo, tout enstitisyon k ap pèmèt respekte dwa pati politik yo, dwa pou moun panse jan yo vle, dwa pou chak pouvwa nan leta a fè travay yo ansanm ansanm san youn pa foure bouch nan koze lòt. Fòk li chache tout mwayen pou l separe richès peyi a pi byen pase jan sa ye jounen jodi a.

Pou sa fèt, fòk Gouvènman an chita pale tout tan ak nou menm Senatè ak Depite yo menm jan avèk jij yo, pou ansanm, nou veye pou Konstitisyon an ak lalwa toujou respekte. Angajman sa yo Gouvènman an pran jodi a devan peyi a, mande pou refòm prese prese fèt

nan tribinal nou yo, pou lajistis kapab bay san paspouki, san kout lajan, avèk jij ki konn travay yo. Si pa gen jistis nan yon peyi, se ying yang, chen manje chen, dechoukaj toutan.

Prizon nan peyi d Ayiti se yon lawont. Oganizasyon yo rele Amnisti Entènasyonal la ak òganizasyon dwa moun pa bò isit toujou ap lonje dwèt sou yo. Menm si yon moun nan prizon li dwe jwenn bon jan tretman. Fòk yo pa ba li kou, pa fè l abi ni nan kò l, ni nan lespri l.

Yon lòt bò, fòk Gouvènman an ouvri ankèt osnon retounen louvri ankèt sou latriye ka enpòtan pou pèp la, men ke Gouvènman avan yo te fèmen je sou yo; tankou asasina, masak, vòl. Nou pa ka bliye 29 Novanm 87, Jan Rabèl, Labadi, Jèvè, Fresino, Sen Jan Bosko, Lafanmi Se Lavi, elatriye. Nou p ap bliye tout moun ki t ap volè kòb peyi a. KOMEDI LANKET-SE-POUSWI A FINI !!

Batay tout lajounen pou tè nan Latibonit ak lòt kote mande pou leta met bouch nan sa prese prese pou peyizan yo sispann goumen, rekòmanse travay. Fòk gen bon lwa ki pou pwoteje enterè chak moun ak enterè leta.

Mesye Dam Palmantè yo,

Yonn nan pi gwo batay Konstitisyon nou an prevwa, se separe lame ak lapolis. Poutan depi 4 an ke Konstitisyon an fèt, pèsonn pa okipe sa. Fòk travay lapolis se pwoteje lavi ak byen tout sitwayen epi fè rechèch sou tout vye zak ki vyole lalwa ak tout krim ki fèt pou dekouvri koupab yo epi arete yo.

Pou lapolis la fè travay li, fòk li anba zòd Ministè Lajistis - selon Atik 273 Konstitisyon an. Annatandan sa fèt, fòk pati lame a ki deja ap fè travay sa yo va resevwa antrenman pou yo aji selon lalwa.

Kanta lame a, fòk Gouvènman an ansanm ak Lachanm fè yon lwa ki pou di ki jan pou l ranpli wòl li. Lame a dwe jwenn bon fòmasyon, bon jan ekipman dekwa pou l ka fè travay Konstitisyon an ba li a.

Konstitisyon an di :

- Fòs lame yo tabli pou garanti sekirite teritwa Repiblik la;
- Pwoteje peyi a kont menas lòt kote fè li;
- Fè siveyans tout fwontyè peyi a nèt, ni atè, ni sou lanmè, ni anlè;
- Pote lanmen fòt bay lapolis lè li pa ase pou fè travay li. Men fòk se Egzekitif la ki mande l sa;
- Ede nasyon an sizoka ta gen dezaz natirèl ki frape nou;

- Fè kèk travay devlopman epi, patisipe nan òganizasyon ak kontwòl yon sèvis sivik pou jenn fanm ak gason, selon Atik 52.3, 264, 266, 268 Konstitisyon an.

Gouvènman an trè sansib sou pwoblèm sòlda lame a genyen. Yo touche mal, yo pa byen loje, yo pa byen nourri, yo pa gen bon laswenyay. Sa soti, sou yon bò, de pwoblèm ekonomi peyi a genyen e, sou lòt bò, de ensousyans diktatè ni sivil ni militè ki pa rive trete lame a kòm sa dwa. Apèn gouvènman an demare 7 Fevriye, nou gen tan we bon fwi maryaj lame ak pèp la koumanse pote.

Medam, Mesye Senatè ak Depite yo,

Kòm devlopman peyi se pat sa ki te enterese pouvwa Divalye a, kòm pouvwa Divalye pat bezwen moun onèt, moun serye ki te ka denonse tout vòl l ap fè, pi gwo kondisyon pou moun te gen gwo djòb nan leta fòk se divalyeris ou te ye, fòk ou te dakò ak yo pou vòlè peyi a. Kòm gwo potanta yo t ap vòlè gwo lajan, yo kite kèk ti malere fè ti vòl pa yo tou. San nou pa bliye tout moun Divalye yo te bezwen achte se nan leta yo te mete yo, san yo pa bezwen konnen si gen travay pou yo fè reyèlteman vre. Se konsa leta a vin gen yon pakèt ak yo pil moun k ap travay, anpil ladan yo t ap gaspiye lajan leta a osnon t ap vòlè.

Fòk Gouvènman an fè yon pase men nan administrasyon leta a. Pase men nan administrasyon leta a pa vle di bale wouze. Fòk gouvènman an toudabò gade si chak administrasyon ap fè travay li gen pou l fè a, jan li dwe fè l, fòk li gade si chak moun ki nan yon djòb kapab fè djòb la. Fòk Gouvènman an ta mete sou pye sa yo rele an franse yon grille de salaire, sètadi yon jan pou tout fonksyonè leta pa touche sou baz moun pa. Lè ou se moun direktè a ou touche gwo kòb, lè ou pa moun direktè a ou touche ti kòb. Fòk pou menm djòb la tout moun touche menm kòb, kòb ki va ogmante ofil a mezi moun nan vin ansyen nan djòb la. Anfen, li ta bon pou yo kreye yon administrasyon k ap veye enterè leta, menm jan l a veye enterè anplwaye leta yo tou.

Medam, Mesye Senatè ak Depite yo,

Youn nan premye bagay pou Gouvènman an okipe prese prese se mete kondisyon pou pèp la jwenn manje nan yon pri ki pa twò wo pou li. Depi kounye a mo dòd la se : fè manje, fè manje, fè manje pou Ayiti ka bay tout pitit li manje, manje ki fèt nan tè peyi a !! Pou sa, se yon gwo konbit nasyonal kote leta ak sektè prive a dwe kole tèt yo ansanm pou mobilize tout enèji, tout richès pou fè tè peyi a bay pi plis manje !!

Gwo mobilizasyon ki te rive bay 16 Desanm nan, gwo mobilizasyon ki te fèt toupatou nan peyi a nan nwit 6 rive 7 Janvyè pou anpeche makout tounen sou pouvwa a. Gwo mobilizasyon sa a dwe kontinye pou n fè manje nan peyi a.

Pandan I ap garanti dwa pou moun posede tè pa yo, selon Atik 36 Konstitisyon an - fòk Gouvènman an, prese prese, jan Konstitisyon an mande sa, nan Atik 248, mete kanpe **Enstiti Nasyonal pou Refòm Agrè** a ki anchaje refè tout chapant zafè tè nan peyi a, dekwa pou moun k ap travay latè vre kapab jwenn tè pou yo travay. Enstiti a va tabli yon politik agrè k ap chache tout mwayen pou fè latè bay pi plis randman.

Konsa, fòk Enstiti a ride mete sou pye gwoupman peyizan, bay sa ki la deja yo jarèt, pou tout desizyon I ap pran, se nan tèt kole ak yo sa fèt. Fòk yo mete kanpe yon sistèm kredi ki pa chita nan Pòtoprens sèlman. Fòk peyizan k ap travay tè yo jwenn ankadreman, zouti, ak semans a bon pri. Fòk yo jwenn dlo pou wouze tè yo. Fòk peyizan yo gen garanti pèsonn p ap ka vini rache ti moso tè yo nan men yo.

Revolisyon agrikòl nou vle fè a, fòk non sèlman li dwe rive fè gen plis tè k ap travay epitou pou chak moso tè bay pi plis manje dekwa pou abitan yo vin gen plis kòb nan men yo.

- Gouvènman an dwe deja reflechi sou sa k pou fèt pou Plèn de Lab, Plèn Moustik nan Nòdwès, Savann Dezole bò Gonayiv, Plato Santral, Plenn ki nan Nòdès yo kòmanse travay.
- Pou nou rive nan gwo mobilizasyon pou n mete peyi a sou ray devlopman an, se pa manje sèlman ki nesèsè, fòk tout moun rive jwenn bon laswenyay. Sa p ap janm fèt nan fason sèvis k ap bay laswenyay yo òganize jounen jodi a nan peyi a. Se pou sa, leta dwe fè tout sa ki nesèsè nan kesyon sèvis sante pou popilasyon an. Se pa nan gwo vil yo sèlman pou moun jwenn laswenyay. Se nan tout bouk, nan tout seksyon pou moun jwenn swen san traka, san se pa pote malad sou pòt osnon sou chèz, ap dekoupe move wout, janbe pas dlo anba solèy lè gen ka maladi, ki anpil fwa tounen ka lanmò.

Men avan tout bagay fòk leta pa tann moun yo malad. Konsa, li dwe vaksinen tout timoun, bay bon dlo, latrin, kontwole vè, bay fanm ansent ak nouris edikasyon pou timoun yo rete an sante.

Afè edikasyon an se yon lòt gwo tèt chaje nan peyi d Ayiti. Se tout lajounen ou tande nan radyo : pwofesè ap plenyen pou ti kòb y ap touche lè yo rive touche l. Se tout lajounen pwofesè ak elèv ap plenyen pou move kondisyon travay nan lekòl yo, osnon pou lekòl ki pa genyen. Nivo edikasyon timoun yo ap bese chak jou. Anpil pwofesè manke maton. Men sa ki pi enpòtan pase tout koze sa yo, se ki kalte elèv pou ki kalite peyi. Atik 32.7 Konstitisyon an bay repons la : "Leta dwe rete veyatif dekwa pou chak kolektivite teritwa, seksyon kominal yo, komin yo, Depatman yo, kapab genyen bon lekòl konsekan k ap mache daplon ak devlopman peyi a. Men, sa pa dwe fèt poutèt sa, nan dezavantaj ansèyman agrikòl, pwofesyonèl, koperatif epi teknik ki fèt pou gaye nan tout komin yo." Sa se mo Konstitisyon an.

Yonn nan gwo pwoblèm peyi a ki marye ak kesyon edikasyon an, se zafè, sou chak 100 Ayisyen an, gen 85 ki pa konn ni li, ni ekri. Kidonk yon pwojè alfabetizasyon va fèt pou 3 milyon Ayisyen, espesyalman moun 15 rive sou 40 an aprann li, aprann ekri, aprann sèvi ak chif, nan 4 an konsa.

Se nan kondisyon tèt ansanm tout pèp la, espesyalman, tèt ansanm tout sèvis leta yo, yon pwojè alfabetizasyon konsa kapab rive fèt. Yon premye kondisyon pou tèt ansanm sa a kapab bay bon jan rezilta, fòk Gouvènman vle pwojè a reyisi : si pa gen volonte politik sa a, pa kab gen yon kanpay oubyen yon pwojè oubyen yon mouvman nasyonal alfabetizasyon.

Pami tout sèvis leta yo ak tout ministè yo, se ak Ministè Edikasyon Nasyonal pou yon òganis ki ta okipe alfabetizasyon ta chita pi plis. Okenn kanpay alfabetizasyon tout bon p ap pran pye nan peyi a, si li pa fèt ansanm ak gwo chanjman nan sistèm edikasyon nasyonal la. Nou p ap gen yon sistèm edikasyon nasyonal ki chita sou rèv ak manti, pandan yon pwojè alfabetizasyon pou tout granmoun ta chita sou yon lòt reyalyte. Si nou di fòk lekòl la ta dwe rive fè tout Ayisyen vin mèl lang franse tout bon, nou nan rèv ak manti. Si nou di lang kreyòl tout Ayisyen pale a, se li ki chimen nòmal konesans pou tout moun, nou nan reyalyte.

Yon dezyèm kondisyon pou alfabetizasyon an rive fèt, se mobilizasyon pèp la. Se tout peyi a ki dwe rantre nan batay la, men, jèn yo nan premye.

Honorables Membres du Parlement,

La société haïtienne est connue pour être l'une des plus inégales sinon la plus inégale de l'Amérique Latine. Les clivages de façon trop prononcée soulignent l'injuste répartition de la richesse nationale. Cela, à un double point de vue. Inégalité dans l'allocation des ressources disponibles entre les régions, Port-au-Prince se réservant bien entendu la meilleure part. Inégalité entre les couches sociales privilégiées, la classe ouvrière, et les masses paysannes et suburbaines. Cette situation est la cause de grands déséquilibres qui minent la formation sociale haïtienne. D'un côté, une extrême richesse. De l'autre, l'extrême pauvreté.

La persistance d'un tel état de fait, par les tensions qu'elle maintient, par les conflits qu'elle génère, par les explosions qu'elle provoque, ne peut que mettre en péril les fondements de la société et partant l'existence même de la nation. 1915 a été un avertissement dont malheureusement les classes dirigeantes n'ont pas su tenir compte. Reculant sans cesse les échéances pour un règlement des différentes questions sociales haïtiennes, elles se sont enfoncées de plus en plus, au fil des années, dans ce qui leur a paru être la logique de leurs intérêts. Voici à présent la société haïtienne dos au mur, face à des revendications populaires précises, entre les exigences de respect des libertés et celles d'affirmation des droits et de la dignité de l'homme haïtien.

Le gouvernement, à l'écoute de ces revendications et porteur des espérances du peuple, comme vous honorables députés et sénateurs, lance un appel pressant à tous les haïtiens aux fins d'initier un programme qui serve à rapprocher les hommes et les femmes de ce pays, de quelque bord qu'ils appartiennent, et à créer pour tous un espace où partager équitablement une communauté de destin. Le disant, je ne pense pas un programme de charité qui développerait chez les couches bénéficiaires une mentalité d'assistés. Je pense à un effort que dis-je ? à une volonté nationale de solidarité qui se manifesterait par :

- 1) la mobilisation de l'épargne nationale pour des investissements multipliés afin de diversifier, d'augmenter la production agricole et industrielle, de créer des emplois dans différents secteurs de l'économie haïtienne et faciliter ainsi l'accès du plus grand nombre possible d'haïtiens au pouvoir d'achat.
- 2) un plus grand souci de développement et d'épanouissement de la personne humaine par la généralisation de l'éducation, des soins de santé, des loisirs, des activités sportives et culturelles, etc. C'est-à-dire un effort constant d'amélioration du bien-être. Pour atteindre au plus être et au mieux être.

Ce programme de solidarité exige un consensus national. Si les plus nantis n'aident pas les mal lotis et continuent de vivre en marge des préoccupations du plus grand nombre, en ignorant ou en méprisant ses besoins fondamentaux, la société haïtienne risque d'entrer dans une phase de violence propice à toutes les démesures. Conscient de cette menace, le gouvernement insiste auprès de tous les haïtiens, ceux qui furent les adversaires d'hier lors des joutes électorales, ceux qui aujourd'hui encore et plus que jamais demeurent les amis, ceux qui ont voulu être seulement des spectateurs indifférents ou dubitatifs, ceux qui par mauvaise foi ou par cynisme persistent à se poser en ennemis, pour partager avec eux cet impérieux devoir de solidarité.

Ce devoir de solidarité auquel j'invite mes compatriotes, le gouvernement le conçoit aussi et surtout au niveau de la participation. J'appelle le pays entier à participer de façon active à la gestion gouvernementale. Notre action, sera soumise en permanence à l'appréciation critique de tous les secteurs de la vie nationale qui se devront d'intervenir, chaque fois que le besoin se fera, pour apporter les correctifs nécessaires. Le gouvernement, j'en prends l'engagement, travaillera à la mise en place et au renforcement des mécanismes de cette participation à tous les échelons de la vie économique, sociale, culturelle et politique. Notamment ceux prévus par la Constitution, c'est-à-dire les différentes Assemblées et le Conseil Interdépartemental - Article 87.2. Il ne s'agira pas de considérer ces institutions comme de simples relais des initiatives gouvernementales, mais de travailler avec elles comme de véritables entités capables toujours d'agir conjointement avec le gouvernement et, au besoin, de prendre elles-mêmes toutes initiatives destinées à dynamiser l'action gouvernementale sur le plan des intérêts collectifs et nationaux. Je pense aussi aux syndicats, aux associations patronales et socio-professionnelles, à la presse, aux mouvements paysans, aux associations de femmes, de jeunes et de droits humains, aux églises, aux partis politiques, aux organisations populaires, et de façon générale, à la société civile. Dois-je préciser que dans l'exécution de la politique économique et sociale du gouvernement, les syndicats et les associations patronales auront un rôle important à jouer. Partenaires de travail, le gouvernement espère les retrouver côte à côte dans la reconstruction du pays. Par delà les divergences de fond qui les opposent et qui continueront de les opposer, il faut souhaiter qu'ils trouvent les chemins de négociations au nom des intérêts supérieurs de la nation. A cette condition, ils deviendront pour le gouvernement, des partenaires obligés de progrès, avec lesquels le changement souhaité par tous aura une chance de se réaliser.